



CareerSource
BROWARD

A proud partner of the
AmericanJobCenter[®]
network

*Help is
here*

Travayè kap Travay nan Ospitalite nan Rejyon Broward yo: Èd La Rive!

Epidemi sa a COVID-19 a te afekte anpil aspè nan ekonomi Sid Florid la, ansanm ak moun kap travay oswa ki tap travay di nan Ospitalite a. CareerSource Broward pran angajman pou l sipòte travayè kap travay nan Ospitalite ki nan Rejyon Broward yo ke yo te kanpe ak/oswa yo te revoke nan moman yo difisil sa yo. Sa vle di, nou senpleman vle fè nou konnen ke **ÈD LA RIVE!** Ekip pwofesyonèl nou yo ki responsab kapab ba w ède pou yo gide w nan pwosesis pou kreye yon pèfil pou fè rechèch travay nan biwo Employ Florida a – sit entènèt sou travay publik. Nou ofri tou yon gran varyete resous – kit se sou entènèt kit se nan sant karyè nou yo – sa vle di:

- Gen yon ekip ki resevwa fòmasyon nan bay **Èd pou Lokalize Travay** ki la pou ba w ède pou idantifye lis travay yo, an menm tan an tou kap voye referans travay bay patwon ki nan biwo Employ Florida kap chèche ranpli pòs ki vid yo
- **Chanm Resous** kote w ap gen aksè ak òdinatè, entènèt, enprimant, machin faks, ak telefòn yo
- **Atelye Vityèl** pou pale sou sijè pwofesyonèl tankou devlopman kourikoulòm, ladrès sou entèvyou ak rezo yo – yo fè tout bagay sa yo pou yo ba w yon avantaj konpetitif nan rechèch travay wap fè a
Menmsi sant pwofesyonèl nou yo louvri pandan orè travay nòmal, nou rezève jou ak lè espesifik nan sant nou yo jis pou ou. Kliyan yo gen pèmisyon pou yo antre, men nou ankouraje w anpil pou ou pran yon randevou anvan ou vizite sant nou yo. Pou ou pran yon randevou, tou senpleman pran kontak ak sant pwofesyonèl ki toupre w la ki nan lis ki pi ba a, ak yon manm nan ekip nou an ap byen kontan ede ou.

NOU TRÈ KONTAN POU NOU EDE W AK BEZWEN TRAVAY OU YO!

Sant Nò a

4941 Coconut Creek Pkwy.

Coconut Creek, FL 33063

Yo Rezève jou/orè inikman pou ou:

Chak Jedi: 2 p.m. jiska 5 p.m.

Chak Vandredi: 9 a.m. jiska 12 midi

Rele nan (954) 969-3541 pou pran randevou

Sant Santral

2550 West Oakland Park Blvd.

Oakland Park, FL 33311

Yo Rezève jou/orè inikman pou ou:

Chak Madi: 8:30 a.m. jiska 11:30 a.m.

Chak Jedi: 1:30 p.m. jiska 4:30 p.m.

Rele nan (954) 677-5555, epi make 1000 pou pran randevou

Sant Sid

7550 Davie Road Extension

Hollywood, FL 33024

Yo Rezève jou/orè inikman pou ou:

Chak Mèkredi: 2 p.m. jiska 5 p.m.

Chak Jedi: 9 a.m. jiska 12 midi

Rele nan (954) 967-1010 pou pran randevou